Илъэс 60 и пэкIэ къызэIуахащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и адыгэ къудамэр

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№243 (21.151) ● 2007 гъэм дыгъэгъазэм (декабрым) и 19, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр сомы 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къурмэн махуэшхуэм ирихьэлIэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент Къанокъуэ А. Б. цIыхухэм

ЗЭРЫЗАХУИГЪАЗЭР

Си хэкуэгъу лъапIэхэ!

Нобэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис мусылъымэнхэм ягъэлъапIэ псапэмрэ гущIэгъуамрэ я махуэшхуэр - Къурмэн махуэр. Мусылъымэнхэм, республикэм ис псоми а махуэшхуэмкIэ, махуэ гуфIэгъуэмкIэ си гуапэу сохъуэхъу.

Иужь зэманым ди республикэм куэд щызэфIагъэкI цIыхухэм пэрыуэншэу диныр яIыгъыным, властым и органхэмрэ дин зэгухьэныгъэхэмрэ тэмэму зэдэлэжьэным, дин зэмылIэужьыгъуэхэм я зэпыщIэныгъэхэр гъэтэмэныным хуэунэтIауэ. Дэ пщIэшхуэ худощI ди лъэпкым и гуащIэмрэ и къарумрэ зэфIэгъэувэжыным, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыналъэм мамырыгъэмрэ зэгурыIуэныгъэмрэ щыгъэбыдэным и лъэныкъуэкIэ мусылъымэнхэм зэфIагъэкIым.

Нобэрей махуэ гуфIэгъуэм мусылъымэнхэм, дыщалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псоми сохъуэхъу узынщагъэ быдэ, мамырыгъэ, ефIэкIуэныгъэ яIэну.

Дунейпсо Адыгэ Хасэмрэ Къэбэрдей Адыгэ Хасэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым ис мусылъымэнхэм

ЗЭРЫЗЫХУАГЪАЗЭР

Нобэ мусылъымэн псоми я махуэ лъапIэщ - Къурмэн хьидщ. А махуэшхуэр дэ къыдолытэ ди лъэпкъхэм эзрахьэ щэнхабзэхэм ящыщ зы Iыхьэу, мыхьэнэшхуэ зиIэу, ди цIыхухэм я псэ хьэлэлагьым, гущIэгъуэм, нэмысым хэзыгъахъуэ кIару телыджэу.

Гурэ псэкIэ дынывохьуэхьу Къурмэн махуэ лъапIэмкIэ. Ди гуапэщ абы узынщагъэ, гукъыдэж, мамырыгъэ, насыпыр къыфхудэкIуэну!

Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ
ДЗЭМЫХЬ Къасболэт

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ
ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

● Медицинэ IуэхущIапIэ

Сымаджэщым и зэфIэкIым хохъуэ

НАЛЬШЫК дэт республикэ сымаджэщым хирургием иIыгъ пэшхэр зыхуэй къанэ щымыIэу хуагъэзэну яужь ихьащ. «Илъэс куэд лъандэрэ щIыхьIэ зэмыIуса пэшхэм я щыгъыкIэр дохутырхэмэ сымаджэхэми къаззэрытехьэлъэр нэрылъагъут, - жеIэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Жыгун Аскэр. - ЛъэкIыгъэм текIуэдэну зыхъыр республикэ бюджетым кIыхькIыныщ. Дунеир щIыIэ дыдэу зэрыщымытым ухуакIуэхэм я къалэныр къатрегъэпсынщIэ. ЛъжкIыгъэр зы сыхьэти зэпыуркъым, ауэ абы зы илъэсым нэблагъэ текIуэдэнущ..

Пэщхэр зыхуей хуагъаззэмэ, абыхэм иджыпсей медицинэ IэмэпсымэщIэхэр щIагъэувэнущ. Абы текIуэдэну мылъкыри гъэбелджыла хъуащ.

ЛЪОСТЭН Музэ.

Зэгъусэу къагъэIурыщIэн мурадкIэ

Урысейм Германиемрэ зэгурыIуащ Урысей Ипщэ газ, щыдагъэ щыхьащыпIэхэр зэгъусэу къагъэIурыщIэным и Iуэхукъ.

КъызэралытамкIэ, мы щIыпIэм газ кубометр триллион, щIыдагъэу тонн мелуаныс щIэтщ. Германиер арэзыщ аужырэ къызэрыщIашыну Iэмэпсымэхэр ягъэувыным, гъэсыныпхьэхэр лъэныкъуитIми я сэбэп хэлъу кагъэсэбэпыным ахьщэшхуэ хилъхьэну. Ар дыгъуасэ Москва щекIуэжа Iэущ Iэм щыжиIащ УФ-м и япэ вице-премьер Медведев Дмитрий.

Аргуэру зэхуащI

Транскавказ гъэзэгр аргуэру зэхуащIын хуей хъуащ.

Техникэр пэлъэщыркъым бгы лъагэхэм кьех уэсыр итхъуным. Мы зэманым Осетие Ищхьэрэ-Алание и кьеГэлажIуэхэм ар кьыщыгуагъэу нэхъ щынагъуэ эдэщIэ щIыпIэхэм. Апхуэдэу щыт пэтми, гъэзэгр иджыри махуэ зыбжанэкIэ зэхуэщIауэ щытынущ. Мы зэманым щIыпIэм щIыIэр градус 15-м щынос.

Балтие тенджызым

Мурманск пэмыжьжьэу къуалдесыныгъэ къыщыщIащ «Виктор Корякин» блэхьжьеящэ кхъухьым.

Дыгъуасэ псом кьарууншхэу ирахьэлIащ абы ис щIыхуэзэ кьратъэлыным икIи а мурадыр кьайхъулIащ. Гуэзвэгъуэ хэхуэхэм ядэIэпыкъуащ щIыпIэм псынщIэу нэса адрей кхъухьхэр.

ТекIынкIэ хъуну?

Кубэм и Iэтащхэ Кастрэ Фидель и къуалыкъум текIынкIэ хъунущ.

Апхуэдэ хъыбарыр нэхьапэм хэIущIыIу ящIу щытакъым. Арщхьакъ Кубэм и телевиденэм щрагъэжIуэкIа «стIол хъурей» зэIущIэм къыщеджащ Кастрэ Фидель лъэпкым зэрыщыхунгъазэм, «Сэ си кьалэнщ властым ныбжьыкIэ нэхъ щалэхэм естыну», - жеIэ абы.

ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, властым Iэрыльэпкъ щыIэ абы и къуэщ Рауль, ауэ абыи и ныбжьыр хэкIуэтащ. Ящыныкъуэхэм жаIэ Фидель мыпсэужу.

Фигу кьэдгъэкIыжьыщи, ди къэралым и ныбжьыгъушхуэу щыта Кастро Фидель 1959 гъэ льандэрэ хьтIыгум и Iэтащхьэщ.

(ИТАР-ТАСС).

Мы махуэхэм

Дыгъэгъазэм и 19, *бэрэжьей*

◆ Корее Республикэм президент хэхыныгъэхэр щокIуэкI.

◆ Дыгъэгъазэм и 19 - 20-хэм Москва щекIуэкIыну медицинэ техникэм, Iофыгъуэ зэхьокIыныгъэхэм, ваксинэхэм я выставкэ-жармэкIэ.

◆ 1866 гъэм Урысейм и Телеграф Агентствэ къызэрагъэпэщащ.

◆ 1925 гъэм ТАСС-р (Совет Союзым и Телеграф Агентствэр) къызэрагъэпэщащ.

◆ Парт, къэрал, политикэ лэжьакIуэ, Совет Союзым и Маршал, Совет Союзым пIэнейр и Лыхъужь, Социалист Лэжьыгъэм и Лыхъужь Брежнев Леонид (1906 - 1982) кьышалъхуа махуэщ.

◆Дыгъэр кьыщIэкIащ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 39-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 31-м.

◆Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 8-рэ дакьикъэ 52-рэ.

Дыгъэгъазэм и 20, *махуэжу*

◆ЦIыхубэр зэрыкьылэгъуным и дуейпсо махуэщ. 2005 гъэм ООН-м и Ассамблее Нэхьыщхьэм игъэуващ тхьэмышкIагъэр ягъэкIуэдыжным хуэгъэзауэ.

◆Илъэс 90 и пэкIэ (1917) ЦIыхубэ Комиссархэм я Советым и унафэкIэ Урысейпсо Чрезвычайнэ Комиссэ (ВЧК) къызэрагъэпэщащ, Дзержинский Феликс и пашэу.

◆КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист ГъуапIащIэ Заудин къыщалъхуа махуэщ.

◆ТхакIуэ, журналист ХьэIупщы МуIэд къыщалъхуа махуэщ.

◆Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 7-рэ дакьикъэ 39-м, кьухьэжьнущ сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 31-м.

◆Махуэм и кIыхьагъщ сыхьэти 8-рэ дакьикъэ 52-рэ.

ПIалэгъэр зыгъэхьэзырар
ШАЛМУхьмэд.

Лъэпкъ Iуащыгъэ:
ПсэукIэмышIэм жэм псэф еукI.

● УнафэщIым и псалъэ

Гъуэгуанэ дахэ

★★★ **Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэр къыззэрыIуахрэ илъэс 60 щрикьур дэ тщыщ дэтхэнэми дежкIэ махуэ лъапIэщ. Псом япрауэ, ар зэркIэ щIэлъапIэр абы ди лъэпкым и бзэм, и литературэм, и щэнхабзэм зэущIыпыпкъ зэрыдагъуэтарщ - ар хэт дежкIи нэрылъагъущ икIи гуры-Iуэгъуэщ. Гуры-Iуэгъуэщ а къудамэм и фIыгъкIэ ди бзэмрэ ди литературэмрэ я пщIэр нужьрей зэманым нэхъ лъагэ зэрыхъуар.**

ЛЭЩIЫГЪУЭ ныкъуэм и кIуэщIкIэ ди лъэпкым къыщIэтэджащ ди бзэм, ди литературэм, ди гъуэзджэмрэ щэнхабзэмрэ лъагапIэщIэхэм ебгъэрыкIуэным зи кьару псори езыхьэлIа, ноби абы хуэлажьэ щIэблэ зыбжанэ - ар, псом япрауэ, зи фIыщIэр илъэс 60 и пэкIэ Къэбэрдей къэрал пединститутым 1947 гъэм къыщызэIуахауэ щыта къудамэщ - адыгэбзэмрэ литературэмрэ я къудамэщ. Илъэс хыщIым и кIуэцIкIэ абы щеджащ, щIэныгъэ щагъуэтащ цIыху минитIым щIигъум - ар мащIэкъым, мащIэ дэнэ къэна, щIэныгъэ пэхъыщхьэ зиIэ, апхуэдизу цIыху лъэпкъ щэнхабзэм къызэрыщIэтэджам дригушхуэ зыхунущ псори.

Дауи, нэхъыщхьэр бжыгъэракьым - бжыгъэм нэхьрэ нэхъ узыщыгуфIыкIын щыIэщ: шэч хэлъкъым абыхэм ящыщ куэдыр, ди лъэпкъым зиуэзыщIыпи папщIэ, я гуащIи я щIэныгъи зэремыблам. Аращ а къудамэм щеджахэм, абы щIэныгъэ щызыгъуэтахэр ди лъэпкъыр зэрыщыгугъар. Абыхэм зыщагъэгъупщакъым апхуэдэ кьалэн я пщэ зэрыдэлъар, ноби зэрыдэлъыр. Ар нэрылъагъу кьыщхьэхуащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ я къудамэм щеджахэм зэрахьэ дэтхэнэ ЕнатIэми. Ахэр я щIэныгъэрэ я ГъащIагъэкIэ щымыпашэ, щымыжэрдэмщIакIуэ гъуэтыгъуейщ - еджапIэхэрэщ. Ди шкOлхэм, педколледжым, университетым, нэгъэущIхэми щолажьэ зи ГъащIагъэр фIыуэ зыльагъу, анэдэлъхубзэм и IофыщIэблэр кьыщIэгъэтэджэным псэемыблэжу бгъэдэт егъэджакIуэ лъэрызехьэ куэд. Абы щыхьэт тохьуэ, псалъэм папщIэ, «Си бзэ - си псэ, си дуней» зэпеуэ гъэщIэгъуэным иужьрей илъэсхэм ди деж зэрызыщиубгъуар. Анэдэлъхубзэм и мыхьэнэр зэрыиныр, абы пэщIэ хьун хъугъуэфIыгъуэ лъэпкым иIэнкIэ зэрымыхъунур а зэпеуэм кьууэ щызыхащIэ ди щIэблэм - аращ нобэ кьытщIэтаджэ пщащэхэмрэ щIалэхэмрэ КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэм щеджахэм зыхуаущийр.

Апхуэдэ кьалэн я пщэ дольщ а къудамэм щеджэ, ар къэзыух дэтхэнэми - анэдэлъхубзэр зытъэпэрыуэф. Лъэпкъ щэнхабзэмрэ литературэмрэ мыхьэнэщхуэ зэраIэр кьууэ зэхэзыщIыкI щIэблэ кьыщIэтэджэныр гъуни нэзи зимыIэ гуфIэгъуэщ. Ар фIыуэ кьагуроIуэ адыгэбзэмрэ литературэмрэ я къудамэр къаухуауэ куэд щолажьэ радиом, телевиденэм, республикэм, районэм кьыщыдекIа газетхэм. «Ленин гъуэгу» газетым и редактор нэхъыщхьэ къулыкъур зэрахьащ ТIажь Петр, Мэзыхъэ Борис сымэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и редактор нэхъыщхьэщ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхущ ЖьэкIэмыхьу Маринэрэ Ширдий Маринэрэ - ахэри зыщеджар адыгэбзэмрэ литературэмрэ я къудамэрщ. Ар кьаухауэ, «Адыгэ псалъэ» газетым нобэ щолажьэ Уэрдокьуэ Женя, Хьэжькъарэ Алик, ЩхьэщэмыщI Изэ, НэщIэныджэ Замирэ, Истепан Залинэ, Ныбжьк Таисэ, Уэрэзей Рашид, Табыщ Динарэ сымэ.

ЩIэныгъэлI щIэрыIуэ куэд къахэкIащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ я къудамэм щеджахэм - Урыс Хьэталий, МафIэдэ Сэрэбий, БакIуу Хьанджэрий, Абдокьуэ Iуес, Пщыбий Инал, Тамбий БетIал, Дзасэжь Хьэсанш, Мамхэгъ Рае, БищIо Борис, Кьэмбэчокьуэ Iэдэм, ТIымыжь Хьэмыщэ сымэ, нэгъуэщIхэри - адыгэбзэм, тхыдэм, щэнхабзэм, литературэм я Iуэхугъуэ куэд къахутэн яхуэфIэкIащ абыхэм.

Творческэ, жылагъуэ организацэхэм я унафэщI ЕнатIэхэми бгъэдэтащ адыгэбзэмрэ литературэмрэ я къудамэр къэзыухахэр. ТхакIуэхэм я союзым и тхьэмадэ кьулыкъур зэрахьащ Тхьэгъэзэт Зубер, Кьуэлуфэ Хьэчим сымэ; илъэс куэд щIауэ Журналистхэм я союзым и унафэщIщ Мэзыхъэ Борис; Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэщ, ЩIДАА-м и вице-президентщ ХьэфIыцIэ Мухьэмэд (Мэзыхьэри ХьэфIыцIэри Къэбэрдей-Балъкъэрым и Совет Нэхьыщхьэм и депутату щытащ). «Куащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэ ІэнатIэм бгъэдэтащ Тхьэгъэзэт Зубер, Къэрмокьуэ Хьэмид сымэ; а къулыкъур иджыпсту зэрехьэ ІутIыж Борис. Сабийхэм папщIэ кьыдэкI «Нур» журналым и редактор нэхъыщхьэу щытащ Къэжэр Петр; абы и ужькIэ а ІэнатIэм бгъэдэуващ Джэдгъэф Борис. Къэрэшей-Шэрджэсым кьыщыдэкI «Черкес хэку» газетым и редактор нэхъыщхьэ ТхьэгъэпсэУ Увжьыкъуи кьиухар ди университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и къудамэрщ. А гъэзамэм щеджащ Шэрджэсым, Адыгейм щыщ нэгъуэщI куэдри.

«Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ ткакIуэ» цIэ лъапIэр кьыхуагъэфащащ Нало Ахьмэдхьан, Къэрмокьуэ Мухьэмэд, ІутIыж Борис сымэ, ТхьэгъэпсэУ Зубер - Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIэщ *(фотэ сурэтхэм).*

Адыгэбзэмрэ литературэмрэ я къудамэр къэзыухахэм зэи яцIыгъупщакъым, дяпэкIи ящыгъупщэнукъым абыхэм щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ ябгъэдэзыльхьа я егъэджакIуэхэр - АбытIэ Мухьэб, Кьардэн Бубэ, Нало Ахьмэдхьан, Урыс Хьэталий, ХьэжГуащэ Андрей, КIуэкIуэ Жэмалдин, Балъкъэр Борис, Апажэ Мухьэмэд, Щэрдан Iэбу, Тау Хьэзешэ, Къэжэр Хьэмид сымэ. Абыхэм я гульытэ зэи щыщIакъым адыгэ къудамэм щеджаэр, ахэр зи уэрэ итарги я щIэныгъэмрэ я кьарумрэ зыхуаунэтIари студентхэр гъуэгу захуэ зэрыгъэгъуэзэнырщ, лъэпкым гурэ псэкIэ хуэлэжьэн щIыху къызэрыхащIыкIынырщ.

ЩХЬЭГЪЭПСО Сэфарбий,
КъБР-м и ГъэпсэкIуэ-мэрэ щIэныгъэмкIэ и министр.

«Адыгэ псалъэр» къыфIэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щIэджыкIакIуэ лъапIэхэ!

Фигу къыдогъэкIыж 2008 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну газетхэм, журналхэм Iэ тедзэныр зэрекIуэкIыр. Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 342-рэ кIэлейкIэ 84-рэ. «Адыгэ псалъэм» Iэ щытевдзэ хъунущ республикэм и почтт Iуэхущ Iапи Iэ псоми.

Ди индексыр 51531

Сабийхэр япэ ирагъэщ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и сабий сымаджэщым и диагностикэ центрыр «Урысей Ипщэ» федерал программэм идыдыгъэ хагъэхьащ.***

«ИкъУкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ а Iуэхум - сабийхэм кьеуэзыр кьэтхутэн щхьэкIэ ипэм Краснодар, Ростов кьалэхэм тIыуэ щытащ. Иджы дэ езым диагностикэ центр диIэнущ. Ар илъэситIым кьрибыдэу ягъэувыну я мурадщи, дыщогубгъыкI. Абы текIуэдэну сом мелуани 126-м щыщу мелуани 105-р федерал бюджетым кьыхэкIынущ, адрейр республикэм хитхьэнущ, - жиIащ сабий сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэ Щхьэлахъуэ Байзет.

ТелефонхэмкIэ зэпащIэ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***Республикэм Промышленностымрэ энергетикэмкIэ и министерствэм кьызэритамкIэ, КъШР-м и бгыгъэ щIыпIэхэм щыIэ жылагъуэхэм спутник таксофонхэр щагъэувынущ.***

РЕСПУБЛИКЭМ и Уарп, Инжыдж районхэм щыIэ кьуаажэ 16-м спутник таксофон зырыз щагъэувынущ. Абыхэм псоми номер щыхэхуэхэр яIэнущ икIи дэнэ щIыпIи укьыпсэлъыкIыу запыпщIэ хъунущ.

Министерствэм и лэжьакIуэхэм кьызэрыхагъэщымкIэ, спутник таксофону 134-рэ республикэм и жылагъуэм 131-м щагъэуващ, кьуажэ 84-р Интернетым падзащ.

Иджыпсту монтаж лэжьыгъэхэр йокIуэкI, абы текIуэдэну мылъкыр телефон компаниехэм кьабгъэдэкIащ.

Батдыев Мустэфа и илъэсыщIэ тыгъэ

КъШР-м и президент Батдыев Мустэфа Кьалмыкъ Республикэм идыдыгъэ и илъэсыщIэ псей тыгъэ хунщащ. Аэзыщыкъхэм зэрыжаIэмкIэ, апхуэдэ лъэIукIэ республикэм и унафэщым зыкьыхуигъэзащ Кьалмыкъым и президент Илюмжинов Кирсан.

ИЛЪЭСЫЩIЭ псейм метр тIощI и лъагагъщ. Элиста кьалэм и утым ар зэрыщагъэувыну щIыкIэм теухуа зэпущIэ екIуэкIащ. Кьалэдэсхэм ягу кьызэрагъэкIыжьмкIэ, апхуэдэ илъэсыщIэ псей абыхэм ипэм яIакьым.

Къэрэшей-Шэрджэсым и президент Батдыев Мустэфа и унафэкIэ псейр Кьалмыкъым нагъэсыху милицэм и лэжьакIуэхэр абы кIэлъыпIэщащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Зэгъусэу къагъэIурыщIэн мурадкIэ

Урысейм Германиемрэ зэгурыIуащ Урысей Ипщэ газ, щыдагъэ щыхьащыпIэхэр зэгъусэу къагъэIурыщIэным и Iуэхукъ.

КъызэралытамкIэ, мы щIыпIэм газ кубометр триллион, щIыдагъэу тонн мелуаныс щIэтщ. Германиер арэзыщ аужырэ къызэрыщIашыну Iэмэпсымэхэр ягъэувыным, гъэсыныпхьэхэр лъэныкъуитIми я сэбэп хэлъу кагъэсэбэпыным ахьщэшхуэ хилъхьэну. Ар дыгъуасэ Москва щекIуэжа Iэущ Iэм щыжиIащ УФ-м и япэ вице-премьер Медведев Дмитрий.

Аргуэру зэхуащI

Транскавказ гъэзэгр аргуэру зэхуащIын хуей хъуащ.

Къэрэшей-Шэрджэсым и президент Батдыев Мустэфа и унафэкIэ псейр Кьалмыкъым нагъэсыху милицэм и лэжьакIуэхэр абы кIэлъыпIэщащ.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

Упсэунщ, щыIэхукIэ зы адыгэ,

Къудамэм щеджахэр

ЩIэныгъэлI Тау Хьэзешэ

Бзэмкlэ, литературэмкlэ щlэныгъэ нэхъыщхьэ адыгэбзэ къудамэм щыззэшlыгъэгъуэта Iэщlагъэлlхэр республикэм и Iэнатlэ куэдым щолажьэ. Ахэр жыдэжру хэтщ экономикэми, политикэми, щэнхабзэми. Псом хуэмыдэу абыхэм я гуащlэ хатъхьэ щlэныгъэ-къэхутэныгъэ, егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ гъэжьыгъэм. Адыгэбзэ къудамэр къэзыуха егъэджакlуэхэм ящыщ куэд мызэ-мытlэу къыщыхэжаныкlащ республикэпсо, къэралпсо зэпеуэхэм. «Егъэджэныгъэ» лъэпкъ проектым пашэ щыхъуахэри мащlэкъым.

Адыгэбзэ къудамэр къэзыуха Iэщlагъэлlэ псоми дохъуэхъу я Iуэху дэкlыу, я мурад дахэхэр къайхъулlэу гъащlэ гъуэгуанэм ирикlуэну. Дэ щэч къытетхьэркъым я дуней тетыкlэкlэ, я Iэщlагъэм зэрыхущытымкlэ абыхэм ящыщ дэтхэнэми тхыгъэ хэха зэрыхуэфащэм, ауэ газетым апхуэдэ Iэмал иIэкъым. Зэрыгурыуэгъуэщи, юбилеим ирихьэлlэу дгъэхьэзыра тхыгъэхэр зытеухуар анэдэлъхубзэр зи гущlагъущlэлъ, абы хуэлэжьа е хуэлажьэ щlэныгъэлъхэрщ, егъэджакlуэхэрщ.

Еш зымыщlэ Хьэталий

Адыгэбзэм зегъэужьыным, абы фlыкlэ хуэлэжьэным зи гъащlэ псор тых хуэзыщlахэм ящыщщ КъБР-м и щlэныгъэ, жыларуэ, щэнхабзэ лэ жьакlуэ, КъБКъУ-м и профессор, УФ-м цыхуэхэм щlэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтынымкlэ щыхь зиIэ и лэжьакlуэ Урыс Хьэталий. Щlэныгъэл щыпкъэр лъэпкъ Iуэхур егъэфlэкlуэным псэмыбгэжу пэрытащ. Ар егъэджакlуэ гъуэзэджэт, ущнякlуэ Iущт, цыху гуапэт.



● Фэеплъ

ХЬэзешэ. - Кьинэмыщlауэ, ар еш имыIэу хуэлэжьащ ди къэкlуэнум, нэхъ щlалэхэр игьасэу, ядэIэпыкъуу, щlэныгъэ-къэхутэныгъэ Iуэхущхэхэр ядилэжьу. Ауэ, гъэщlэгъуэныракъэ, Хьэталий езым и щхьэ Iуэху зэрыдэкlыным зэи елIэпlакъым. Абы езым и щlэ жыжьэ игъэIуну зэи хущlэкъуакъым, утыкъухэм ихьэрейуэ икlи и екъуIэныгъэкэ тепсэльыхьырейуэ щыгтэкъым. Абы и дежкlэ нэхъыщхьэр лъэпкъ бзэ щlэныгъэм зегъэужьынрат, ар адэкlэ зыгъэкlуэтэфын щlэныгъэлI Iэкlуэлъакlуэ яужь кьихъуэнырт.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ Iэнатlэр зи псэм хэпъ Iэщlагъэлlхэм ящыщт Хьэталий. Абы студентхэр фlыуэ ильагъурт, еджэну хуэфм сыт хуэдэ лъэпкъкъуэкlи дэIэпыкъунут, щlэгъэкъуэн, чэнджэщагъу хуэхъунут. И Iэщlагъэм хуэIэижь щlэныгъэлI Iэзэр сыт хуэдэ лъэжьыгъэми жэуапльныгъэ зыхищlэу пэрыт. Щlэныгъэ лъэжьагъу 80 нэс, монографиеу 20-м щIигъу - апхуэдизэ гуащlэ ирихьэлIащ абы бзэ щlэныгъэм зегъэужьыным.

Урыс Хьэталин хуэдэу тkIийуэ, гъэхуауэ зи Iэнатlэм бгъадэт щыху гъуэтыгъуейт. Апхуэдэу псэ хьэзэну, псэмыбзэжу зи лъэпкым хуэзлэжьа щыхуэзэм я щlэр бэм зэи ящыгъупщэркъым.



ЩIэныгъэлI Къуэщlысокъуэ Нурхьэлий

Къэбардей-Балъкъэр къэрал университетым филологиемкlэ и институтым ди анэдэлъхубзэмрэ литературэмрэ щадж Iуэхущlапlэ ижъыщхьэщ. Университетым и филологиемкlэ факультетым и зы къудамэрат адыгэбзэр щалажь щытари, иджы абы зиужьащ, институтым и факультет щхьэжэ хьэщ. ФIыщlэщхъэ яхуэфащэщ анэдэлъхубзэмра лъэпкъ тхыдэмрэ джыным зи гъашlэр тезыухуауэ нобэ а Iэнатlэ мытыншым пэрыт лъэпкъ щlэныгъэлIхэм.

КъБКъУ-м и адыгэ кафедрэм, сыт щыгъуи хуэмыдэу, нобэ къалэнышхуэ кьыпэщытщ. КIуэдыжьынкlэ шынагъуэ кьызытехьэ анэдэлъхубзэр кьэкlуэну щlэблэм яхуэхъумэныр, абы адэкlи зегъэужьыннырикlи нэхъ кууэ дкъыныр - ар лъэпкъым и дежкlэ кьызэрымыкlуэу мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэкугъуэщ. Абы хуэунэтlа лэжьыгъэ купщlафlэ куэд зэфlах профессор щэрыIуэ, кьиузгъэпэщакlуэ Iэкlуэлъакlуэ Тау Хьэзешэ зи унафэщl гупым. Студентхэм бзэр, литературэр езыгъадж, щlэныгъэм хуэзыуцн езыгъаджакlуэхэм ящыщу 4-р филологие щlэныгъэхэм я докторщ, 6-р кандидатщ.

Нобэ, КъБКъУ-м адыгэбзэмрэ литературэмрэ щадж и къудамэр кьызэрызэрагъэпэщрэ иныъ 60 щрикъум, гуапэу докъуэхъу псэ емыблэжу лъэпкъ Iуэхум хуэлажь адыгэ кафедрэм и Iэщlагъэлl псоми. Фи пщэрылькьалэн мытынщым фехъулIэну, узынщагъэрэ зыгъэзэгъуэрэ лъэпкъым кьыныту, ди къэкlуэнум фlыкlэ фыхуэлажьэу, адыгэбзэмрэ литературэмрэ адэкlи зевгъэужьу фыпсэуну ди гуапэщ.

Иджыри зы

Критик, литературовед IэкIуэлъакIуэ, щIэныгъэлI щыпкъэ ХьэкIуащэ Андрей Хьэнащхьэу и къуэр ящыщ лъэпкъ щIэныгъэм, адыгэбзэмрэ литературэмрэ я зыужьыныгъэм зи гуащIэ куэд езыхьэлIэ еджагъэшхуэхэм. ХьэкIуащэр КъБКъУ-м филологиемкIэ и институтым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кафедрэм и профессорщ, филологие щIэныгъэхэм я докторщ.

Гурэ псэкIэ адыгэ лъэпкъым хуэлажьэ IэщlагъэлIыр, жылагъуэм пщIэшхуэ щызиIэ щIыхь щыпкъэр апхуэдэуи ЩIэныгъэхэмкIэ Дунейпсо Адыгэ Академием и академикщ. И лэжьыгъэфIым папщIэ ХьэкIуащэм мызэ-мытIэу кьыхуагъэфэщащ дамыгъэ лъапIэхэр, щIыхь тхылъхэр. Иджыблагъэ абыхэм кьахэхъуащ иджыри зы. ЩIэныгъэ Iэнатlэм щиIэ зэфIэкIхэм, хэкур зыхуэныкъуэ Iэщlагъэлl акъылыфIэхэр гъэхьэзырыным псэемыблэжу зэрыхуэлажьэм папщIэ, ХьэкIуащэ Андрей кьыфIащащ Адыгэ Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ цIэ лъапIэр.

Дрогушхуэ икIи дропагэ ХьэкIуащэм и ехъулIэныгъэшхуэм икIи нобэрей махуэшхуэмкIэ дохъуэхъу. Адыгэбзэр ипэкIэ зыгъэкIуатэ тхыгъэфI куэд и кьалэмыпэм иджыри кьыпыкIыну ди гуапэщ.

Iуэрыlуатэм и хъумакlуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и мызакъуэу, Кавказ Ищхьэрэ псом щыщIэрыIуэ цIыху телъыджэщ адыгэ лъэпкъ Iуэрыlуатэм и хъумакIуэ, а «дыщэ пхъуантэм» и Iункlыбзэр зыIэщIэлъ Къардэнгъущl Зырамыку. Зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ, зи адыгэбзэр щэрыуэ, ар цIыхубэм я гум нэзыхьэ, я псэм зыпсезыгъащlэ Iэнатlэм щыджащэр ноби жыджэру гъащlэм хэтщ.

Къардэнгъущlэр Псыгуэнсу адыгэ къуажэм къыщалъхуащ. Школьм щыщlэса илъэсхэм къыщыщIэдзауэ ар хуабжьу дихьэжыу хуежьащ адыгэ Iуэрыlуатэм, нэхъыщхьэм жаIу зыхих лъэпкъ хъыбарыкlхьэмрэ зэрэдыжьхьэмрэ. Щlалэ жыджэрыр и ныбжьэгъуэхэм кьахэщыртI Iуэрыlуэдзагькlэ, акъыл жанагькlэ, псалъэ щэрыуэкlэ. Зырамыку щэхъуэпсырт артист Iэщlагъэ зригъэгъэтыныр.

Щlалэщlэм и гуращэр зригъэ хьуIащ, Хэку зауэныгъэм ипэкlэ абы кьихуащ (Луначарскэм и цIэр зэрихьэу Москва дэт театр институтыр. Адыгэ гъуазджэр зэфIэгъэувэным зи гуащIэшхуэ езыхьэлIахэм ящыщщ Зырамыку. Литературэми гу хуэзыщIа щlалэщlэм абы щыгъуэ и кьалэмыпэм кьыщlэкlащ щыгащ iкlи щэбийрэ Гуащэгъагьрэ», «Хъужь» драмэ тхыгъэхэр.

Iуэрыlуатэр лъэпкъым и набдзэу, абы и налкъутналмэс хуэдизыгъуэу зэрыщытыр псэкIэ куууэ зыхэзыщIэ Зырамыку абы и зэхуэхьэсыжьапкъэр и дежьыщэу зыжь ихьащ икlи 1949 гъэм Къэбэрдей щэныгъэ-къэхутакIэ Институтым щылэжьэщIедзэ. А унэтIыныгъэмкIэ бгъэдэлъ щIэныгъэм хуэарэзыгъэкъым Къардэнгъущlэр. Абы кьыхэкlыу Зырамыку и еджэным щыпещэ Къэбэрдей къэрал пединститутым икlи 1956 гъэм ехъулIэныгъэ иIэу ар кьеух. Абы лъандэрэ блэкIа илъэсхэм абы кьаруушхуэ ирихьэлIащ ныбжьыкlэ ирихьэлIэ лъэпкъ гъуэзджэм зегъэужьынным, адыгэ Iуэрыlуатэр кьызэщlэкъуэжьыным. Абы зэхуэхьэсыжа лъэпкъ хьыбарыжьхэмрэ уэрэдыжьхэмрэ бжыгъэнщэщ. Ахэр ярыту абы кьыдигъэкlащ тхыльэ 50-м щIигъу, Зэхуэхьэсыжым кьыщыбмынэу, Зырамыку уэрэдыжьхэр еджык, егъэтэмэныж икlи, зэрыжьитIащи, гум хьыхьэрэ псэм зыхищIэу егъэзащIэ.

КьыцэринэкIа илъэсхэм щрилъэжкlэ, абы жеIэ ар езыр гъащlэр зэдзажащIэу, абы игъафIэу кьэгъуэгурыкIуа цIыхухэм зэращымыщар. Ауэ, гуаузыхуэ куэд и нэгу щIэкlами, адыгэлI нэс Къардэнгъущl Зырамыку Iэдэбщ, зэпIэзэрытщ, жанщ. Апхуэдэ лIыгъэ кьыхэзыпхъэр и лъэпкъ уардэм гурэ псэкIэ зэрыхуэлажьэрщ, абы езыми щыта бзэ зэпъэнкlэгъэхэм я зы пащхьэм, кьыпкърыкI къарум кьыуегъащIэ аэр зыхэпсэукI дунейр зэхэзыщIыкlыфынрыр акъыпкlэ даIуэ цIыхурауэ зэрыщытыр.

МЕССАРОШ Лайош.

УсакIуэ Гъубжокъуэ Iнуан (1937-1988)

ЩIэныгъэлI цIэрыIуэ Бищlо Борис и гъашlэмрэ и лэжьыгъэмрэ анэдэлъхубзэр хъумэныр ар джыныр триухуащ. Филологие щIэныгъэхэм я доктор, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Бищlом и къалэмыпэм къыпыкIащ щIэныгъэ тхыгъэу 70-м щIигъу. Институтым и адыгэбзэ къудамэм и унафэщI Бищlом ноби къэхутэныгъэ хьэлэмэтхэр иригъэкIуэкI.

Л ЭСКЭНкуэйм хьихьэ Хьэтуей къуажэм дэт курыт школыр ехъулIэныгъэкIэ кьиухащ нэужь, абы и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ ди университетым. 1977 гъэм ар диплом плъыжькIэ къиухащ. Илъэсищкlэ егъэджакIуэу лэжьа Iэщlагъэлl ныбжьыщlэр 1980 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ-къэхутакIуэ институтым ирагъэблэгъащ икlи абы лъандэрэ къэхутэныгъэ хьэлэмэтэр иригъэкIуэкIыну мэлажьэ.

Бищlом и щIэныгъэрэ и зэфIэкIрэ химыгъахъуэу, ахэр иримыгъэдIакIуэу зы махуи лэжьакъым. 1984 гъэм абы ехъулIэныгъэкIэ Москва щыпхигъэкIащ и кандидат диссертацIэр. Абы иужькlэ зэфIиха щIэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэр лъабжьэ хуэхъуащ 2006 гъэм утыку къриха доктор диссертацIэм. «Къэбэрдей-шэрджэсыбзэм и грамматикэм, псалъэ къэхъукIэмрэ фразеологиемрэ хэлъ Iуэхугъуэ зэIymыбзэхэр» а лэжьыгъэ купщlафIэри абы щыпхигъэкIащ. ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием Бзэ щIэныгъэхэмкIэ и институтым.

И Iуэху елъыкlэ кьыщиIуа тэу щIэныгъэлI Бищlор щIэхщIэхьыгъэ кьыщопсалъэ къэралпсо, дунейпсо конференцхэм, симпозиумхэм. ЗэфIигъэкI щIэныгъэ, кьызэгъэпэщныгъэ лэжьыгъэхэм папщIэ Борис мызэ-мытIэу кьыхуагъэфэщащ КъБР-м и Правительствэм, УФ-м ЩIэныгъэхэмкIэ и Академием и ЩIыхь, щытхъу тхылъхэр.

Iуэху еплъыкIэ

Журналистхэм я тхьэмадэ

Мэзыхьэ Борис Беслъэн и къуэр 1940 гъэм ШIуджэм районым щыхъ ЩIхьэлыкIуэ къуажэм кьыщалъхуащ. Курыт еджапIэ иужьым къуажэм щыIэхэт колхозым зы ильэскIэ учетчикыу щылэжьащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и тхыдэ-филологие факультетым и адыгэ-урыс къудамэр 1964 гъэм кьиухри, Къэрал щхьэхуэр печатым мыгъэкIуэмкIэ управленим щылэжьащ. 1967 гъэм "Ленин гъуэгу" газетым корреспондент къэкIуащ, нужькlэ къудамэм и унафэщIу, жэуап зыхь секретарь щытащ. 1979 гъэм КПСС-м и обкомым печатымкIэ, телевидениэмрэ радиомкIэ и секторым и унафэщIу ящащ. Ильэсищ хуэдизкIэ а къулыкъур ирихьэкIауэ, Мэзыхьэм редакцIэм къигъэзэжащ газетым и редактор нэхьыщхьэу. Зэрылажьэм хуэдизу абы КПСС-м и ЦК-м деж щыIэ Академиер кьиухащ.

МЫ ЗЭМАНЫМ Мэзыхьэр КъБР-м и Журналистхэм я союзым и тхьэмадэщ, Урысейм и Журналистхэм я союзым и Федерацэ Советым, ТхакIуэхэм я союзым хэтщ.

Борис и кьалэмыпэм кьыщIэкIа новеллэхэмрэ повестхэмрэ щIыхухэм я гумрэ я псэмрэ дохъэ, гъэпсыкlэ дахэ яIэщ. Абы и тхылъхэр кьыщыдэкIащ Налшыки Москвам, нэгъуэщIыбзэхэмкIи зэрадзэкIащ. "Вагъуэзэшибгъ", "Мазэхэ жэщ", "Бжьыхьэр пщIащэ пылъэлъыжьыгъуэщ", "Къуажэ пшыхьхэр" - ахэри, тхакIуэм и Iудакъэ кьыщIэкIа иэгъуэщI тхылъхэри гъуэтыгъуей зэрыхьурэ куэд щIащ.

Дэтхэнэми епсэлъэкIэ, бгъэдыхьэкIэ щхьэхуэ кьыхуигъуэ тыфу и Iнатlэм зэрыпэрытарщ газетым и унафэщIу зэрыщыта илъэс пщыкIутхум абы куэд щIыхуэзфIэкIар.

Мэзыхьэм адыгэ газетым Iуэхугъуэфlэхэр кьыщиIотащ. Адыгэхэр щыпсэу зэкъуэш республикищым - Адыгейм, Къэрэшей-Шэрджэсым, Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщыдэкlа "Адыгэ макъ", "Черкес хэку", "Адыгэ псалъэ" газетхэм нобэми кьыдагъэкI номер зэгуэтхэм ятеуухуа жэрдэмыр кьыхэзыпхьар Борисщ. Ахэр республикищым щыпсэу адыгэхэр я псоукIэкIэ зэрыщIэныкlэ, я гурыгъу-гурыщIэхэмкIэ зэдэгущIэныкlэ мыхьэнэншхуэ зиIэ Iуэху хьэщ.

ИригъэкIуэкIа лэжьыгъэшхуэм папщIэ Мэзыхьэ Борис къыфIащащ Адыгей, Къэрэшей-Шэрджэс Республикэхэм щIыхь зиIэ я журналист цIэр. Апхуэдэу абы зэрехь "Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ" цIэ лъапIэр.

Адыгэбзэм хужаIахэр

АДЫГЭХЭМ я бзэр дуней псом щынэхь пасэрей дыдэхэм, гъэщlэгъуэныщхэм, купщlафIэкIэм ящыщ зыщ. Щэч хэмылъу, а зырауэ щытынкIэ мэхъу Азие Ищхьэм щыIауэ я кIуэдыжьхэр еджык, егъэтэмэныж икlи, зэрыжьитIащи, гум хьыхьэрэ псэм зыхищIэу егъэзащIэ.

КьыцэринэкIа илъэсхэм щрилъэжкlэ, абы жеIэ ар езыр гъащlэр зэдзажащIэу, абы игъафIэу кьэгъуэгурыкIуа цIыхухэм зэращымыщар. Ауэ, гуаузыхуэ куэд и нэгу щIэкlами, адыгэлI нэс Къардэнгъущl Зырамыку Iэдэбщ, зэпIэзэрытщ, жанщ. Апхуэдэ лIыгъэ кьыхэзыпхьар и лъэпкъ уардэм гурэ псэкIэ зэрыхуэлажьэрщ, абы езыми щыта бзэ зэпъэнкlэгъэхэм я зы пащхьэм, кьыпкърыкI къарум кьыуегъащIэ аэр зыхэпсэукI дунейр зэхэзыщIыкlыфынрыр акъыпкlэ даIуэ цIыхурауэ зэрыщытыр.

МЕССАРОШ Лайош.

ЩIыУэПСЫМ и макъхэм адыгэбзэм хуэдэу дахэу уридежьуфу нэгъуэщI зы лъэпкъхьбзи щыIэкъым. Ар и щIыхьэтщ а бзэр зыIуырыт лъэпкъым ныбжьыщхьэ зэрыгъуэ.

ДЮМЕЗИЛЬ Жорж.

САБИЙМ еджэн кьызэрыщIидзэн хуэдэ и анэдэлъхубзэмкIэщ. Сэ куэдрэ зэхьзох, ятхыуи срохьэлIэ адыгэ сабиям и анэдэлъхубзэкIэ щIэныгъэ пхуемыгъэгъуэтыну. Ар щыуагъэщ. Сэ щыуи кьыпсчъэрхьым, щIэбгъэм щIэныгъэ тэмэм ептын мурад уиIэмэ, ятеуухуа яр лъэбакъуэр зэричын хуейр езым кьыдалъхуа бзэр ару зэрыщытым.

ХЬЭПОХЪУЩОКIУЭ Къазий.

А БЗЭМ (адыгэбзэм) и макъ зэхэлъыкIэр апхуэдизкIэ телъыджэщ, пльыфабэщи, жьыбгъэ фийр, пщIащэ пылъэльыжьам и ныбжьщхьэр, псы уэрым и макъыр, щIым и бзэрклэр, псым хэпъ мывжэр зэрызэнтIэур, гу кьеуэкIэм и дауыщр, къуалэбзум я уэрэдыр, нэгъуэщI куэди зэхьбох абы ущыщIэдзIыкIэ. Апхуэдэ макъамэ зэщIэжьуэр жыпсэрыбГурыIуэнур зыщ: адыгэхэм я бзэр нэщIысащ дунейм и къэхъугъэ псори кьрипIуэну. Аращ ар кьызэрымыкIуэу зыгъэдэжьри.

ТРУБЕЦКОЙ Николай.

Публицист, зэдзэкIакIуэ Мырзэкъан Суфян

ТхакIуэ КIуантIэ Iэзид

УсакIуэ Къэжэр Петр

ТхакIуэ, публицист Кхъуэлуфэ Хьэчим

УсакIуэ Соиэ Абдулчэрим

ТхакIуэ Гъэунэ Борис

УщыIэхукIи, адыгэр псэунщ 60

ДыщэкIым и дерсхэр

● Щапхъэ

ДыщэкI Марие

Ди анэдэлъхубзэр джыным, хъумэным, егъэфIекIуэным и гуащIэнхуэ, езыхьэлIэхэм ящыщ КъБР-м и цIыхубз егъэжакIуэ, гъэсакIуэ гумызагъэ, лэжьыгъэм и кIыхьэгъэпэщакIуэ Іэкіуэльакіуэ Дыщэкі Марие. Абы и Іуэху зехьэкIэ дахэмрэ хьэл-щэн екIуимрэ республикэм и егъэджакIуэхэм я дежкIэ щапхъэ нэсщ.

ЛЭШЫНКЪЕЙ дэт к урыт еджапIэр е хуэлIэныгъэкIэ кIыуэ ха нэужь, Марие пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэ ІэщIагъэр Налшик дэт педучилищэм щыэзэригъаIуэтащ. И гъэсэн цIыкIуэхэм игури и псэри яритыну хьэзыру ар лэжьыгъэ ІэнатIэм щыпсрыуващ Лэшынкьей дэт курыт еджапIэм. Абы и дерсхэр гъэщIэгъэуну игъэпсыну фIэфIт, абы кьыдэкIуэуи езым и Іэзагъэми зэрыхитгъэ хуэ эным хущIэкъурт. Абы и зэфIэкIми нэхьри х эжуаш зэрылажьэм жьэдэуэрэ КЪБКъУ-ми тхыдэ-филологие факультетым и адыгэбзэ кьудамэм щыщеджа илъэсхэм. Абы лъандэрэ илъэс 30-м щIигъу дэкIащи, егъэджакIуэ гумызагъэр екъуIэныгъэ лъагэхэр зыIэригъэхьэу, щIэблэм щIэныгъэ яуу, гъэсэныгъэ екIу ябгъэдиль хьэу ещхьыри мэлажьэ.

Дыщэкіым и дерсхэм ящыщ дэтхэнэри утыкушхуэм щыбгъэгъанэ хъунущ. Абыхэм Марие кьыщегъэсэбэн еджакIуэхэм уэзрыдэлажьэ хьуну Іэмал псори. Апхуэдэхэщ зыхуэгъэпса ІуэхугъуэхэмкIэ зэхуэмыдэ урок зэIуахэхэр, зэхуэсхэр, адыгэбзэмрэ литературэмрэ ятеухуэу пшыхьхэр. Ахэр Марие ирегъэкIуэкI щIэщыгъуэ эу, нэгу зыужьу, гукъинэжу.

А егъэджакIуэ Іэкіуэльакіуэм и Іуэху зехьэкIэр зи нэгу щIэкIа, зэ нэхъ мыхъумри и дерс тыкIэм кIэлыплъа егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэр нэхъ тегушхуауэ бгъэдохьэ пьэнкIэпсо мыхьэнэ зиIэ я кьалэн мытыншым: анэдэлъхубзэр щIэблэм фIыуэ егъэджын, ар хуиту яIурылту, иригупсысэу , я псэм хэлъу къэгъэтэджын. А Іуэхугъуэхэм хуолажьэ Марие кьиэзригъэпэща «Мастер класс» Щэрджэм куейпсо методикэ зэгуихьэныгъэр. ДыщэкIыр езым и зэфIэкIкIэ, и ІэзагъкIэ ядогуашэ зи лэжьыгъэр езыгъэфIэжIуэну хущIэкъу дэтхэнэми.

Апхуэдэ лэжьыгъэ зэтеувэжIэ дахэм пщIэрэ нэмысрэ кьыхуихьащ цIыхубзэ егъэджакIуэм. ДыщэкIым и гъэсэнхэр сыт щыгъуи жьдежьэу хэтщ куей, республикэ зэхьэзэхуэхэм ирагъэкIуэ. Абы и кIэлъыплъ еджакIуэ цIыкIуэм я ущияжьуэр, егъэджакIуэр, зэхэщIыкI куу зыбгъэдэлъ я нэхъыжьыфIыр щагъэукIыта.

Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ лэжьыгъэхэм кьадэкIуэу, Марие щIэныгъэ-методикэ Іуэхугъуэхэри эффIех. Илъэс куэд льандэрэ ар хэтщ 5-11-нэ классхэм папщIэ адыгэбзэмрэ литературэмкIэ программэхэр зэхэзылъхьэ комиссэ щхьэхуэм, бзэмрэ литературэмрэ курыт школхэм нэхъыфIу щегъэджэныным хуэунэтIауэ кьыдэкI эрэджэ, методикэ тхылъхэм, пособие зэхуэмыдэхэм я рецензентщ. КьыщынэмысщIауэ, Дыщэкіыр КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм и учебно-методикэ советым, министерствэми абы и куей кьудамэми я аттестацIэ комиссэхэм, «Си бзэ - си псэ, си дунейр» республикIэпсо зэпеуэм и кьэпщыгакIуэ гупым хэтщ. Мыбдежьым кьыжьыIапхъэщ а зэхьэзэхуэ щIэрыIуэм япэу хьыхьахэм икIи нобэр кьыздэсым абы жьыджэру хэтхэм Марие зэращыщыр.

Ди республикэм и егъэджакIуэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ Дыщэкіыр. Абы иджырэ зэ щыхьэт теухуауэ «ЕгъэджакIэгъэ лъапкъ проектым ипкъ иткIэ 2007 гъэм екIуэкIа урысейпсо зэпеуэм пашэ щыхьуахэм абы и цIэр зэрыхэтыр. А текIуэныгъэм Марие кьыхуихьар сом минн 100 хьу саугъэт кьудейкъым, атIэ ар пщIэшхуэщ, лыитэныгъэ лъагэщ езым и дежкIи, кьызыдэкIа, щыIажьэ жьыпэм и дежкIи, щагъхьэ гъуэзэджэщ икIи гъуэгугъэльагъуэщ адыгэбзэмрэ литературэмрэ курыт школхэм щезыгъэдж егъэджакIуэ ныбжьыщIэхэм я дежкIи.

Хуэфащэ дыдэу кьыхуащIа щыхь лъаг эм дэщIэращIэу, псэемыблэжу зыпэрыт егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ кьалэным дефIакIуэу, и зэфIэкIымрэ Іэзагъымрэ адэжи хэхъуэу псэуну ди гуапэщ. Адыгэ лъэпкъым, республикэм ифI кьызыпэщкIуэн Іуэхугъуэфхэм я зэхэуфIакIуэ, жэрдэмщIакIуэ щIыхь щыпкъэм ящыкIэ дыщогуть.

ТхакIуэ, усакIуэ, драматург IутIыж Борис Къуней и къуэр 1940 гъэм Шэрдж районым хыхьэ Зэрэгъыж кьуажэм мэкъумэщыщIэ унагуэм къыщыдэхащ. Балигъым Іэм иувэху и гъэ щIэр кьуажэм щигъэкIуащ, абы курыт еджапIэр екъуIэныгъэкIэ кьыщиухащ.

КЪУАЖЭ еджапIэр кьиуха нэужь, IутIыжым илъэсищкIэ дээм кьулыкьу щиIащ. 1963 гъэм кьыщыщIэдзауэ 1968 гъэ пщIондэ Къэбэрдей-Балъкъэр университетым адыгэбзэмрэ литературэмкIэ и кьудамэм щеджащ. Университетыр кьызэриухуэу, Борис Къэбэрдей-Балъкъэр щIэныгъэ къэхутакIуэ институтым адыгэбзэмкIэ щыIэ къудамэм лэжьэн щыщIидзащ, икIи илъэс 22-кIэ пщIэ зыхуащI щIэныгъэлIу абы щыIащ. А зэманым къриубыдэу IутIыжым къиухащ Куржы лъахэм ЩIэныгъэхэмкIэ я Академием хыхьэу Бзэ щIэныгъэхэмкIэ институту Тбилиси дэтым и аспирантурэр. А институт дыдэм абы утыку кьыщрилъхьащ адыгэбзэм и Іыхьэ нэхъ гугъуэхэм ящыщ зым теухуа дисертацIэр икIи кьыфIащащ бзэ щIэныгъэхэмкIэ кандидат цIэр. Адыгэбзэм ехьэлIауэ абы кьыдигъэкIащ монографие, сборник щхьэхуэхэмрэ журналхэмрэ, тхыгъэ куэд кьытригъэдзащ, псалъалъэ зэмылIэужьыгъуэхэр зэхэлъхьэным и гуащIи щIэныгъи ирихьэлIащ.

КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэм Борис егъэджакIуэхэм я щIэныгъэм щыхагъахьуэу Налшык дэт институтым лъэпкъыбзэхэмрэ лъэпкъ литературэхэмкIэ и кафедрэм и унафэщIу лэжьащ.

Зыпэрыува лэжьыгъэщIэм хъарэныэу зэхэгъэкъуедийуэ, абы и ІэнатIэр имыхьэжу хьуакъым: IутIыжыр 1991 гъэм зэдзэрэмуэ хащ «Іуащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхьыщхьэу икIи мы зэманым абы а кьалэн мытынышыр егъэзащIэ.

1982 гъэ лъандэрэ IутIыжыр хэтщ ТхакIуэхэм я союзым, абы тхылъ зыбжанэ кьыдигъэкIащ. Ар нэхъ дзэныхьэхыр, нэхьыбэу зыхэлIэжьыхьыр дьэпкъ драматургирщ, абы и кьалэн мым кьыщIэкIащ пьесэ куэд. Драматургым и пьесэхэр щагъэуващ Адыгейми, Къэрэшей-Щэрджэсми, Дагьыстэнми. «Тыргъэтауэ» драмэр Москва щагъэлъэгъуащ, хьэрыпыбзэкIэ зэрадэкIри Щам тхылъу кьыщыдагъэкIащ икIи щагъэлъэгъуащ, «Дамелей» пьесэр Истамбыл (Тырку Республикэ) щагъэуващ.

Драматургием нэхь дихьэх икIи хэлэжьыхь пэтми, IутIыжыр хъарзынэу хозагъэ литературэм и адрей жанр лIэужьыгъуэхэми. Абы итхащ усэ хэмрэ рассказхэмрэ, литературэм, гъащIэм и Іуэхугъуэ зэхуэмыдэхэм ятеухуа тхыгъэ щхьэхуэхэр. IутIыжым сабийхэми балигъхэми яхуитхащ усэхэмрэ рассказхэмрэ. Ар ящыщщ проузу усэ тхыным и зэхэублакIуэ адыгэ тхакIуэхэм, нэгъуэщI жанрхэми я зэхэублакIуэщ.

Борис и къалэмыпэ кьыщIэкIащ радиомрэ телевиденэмрэ папщIэ итха сценарийхэри. Жанр зэхуэмыдэхэм зыкъызэрыщигъэльагъуэм и щапхъэщ абы и поэмэхэр, сатирэ, гушыIэ рассказхэр, нэгъуэщIхэри.

Льэпкъ щэнхабзэм, литературэм, бзэм теухуауэ илъэ IуэхугъуэфIхэм кьадэкIуэу, Борис зыкъыгъэльэгъуащ зэдзэкIакIуэ Іэ ззу. Абы зэридзэкIащ пьесэ зыбжанэ.

Нобэ IутIыж Борис зи литературэ зэфIэкIым псори щыгъуазэ усакIуэщ, тхакIуэщ, драматургщ.

Абы кьыдэкIуэу, ар сурэтыщI Іэзэщ, скульптор Іэкіуэльакіуэщ.

IутIыж Борис КъБР-м и цIыхубз тхакIуэщ, Урысей Федерацэм щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ.

ЩIэныгъэлI, литературовед БакIуу Хьандэрий

Апхуэдэщ IутIыжыр


ТхакIуэ Журт Биберд (1937 - 2003)


ТхакIуэ Къагъырмэс Борис


ТхакIуэ, критик, эдэбкIакIуэ Къэрмокъуэ Хьэмид

Илъэс тIощIым щIигъуауэ

Іуащхьэмахуэ куейр ди щыналъэм и щIыпIэ нэхъ дахэхэм ящыщщ. Абы и теплъэ уардэм хуокIуэпс и цIыхуэхэм яхэль псэ хьэлэлагъыр, лэжьыгъэм хуэIэ гумызагъыр, пэжагъыр. Апхуэдэщ Жэмыхъуэ Раисэ. 1986 гъэм КъБКъУ-м и адыгэ кьудамэр екъуIэныгъэкIэ къэзыуха бзылъхугъэр, кьыхиха ІэщIагъэм зы махуи хущIемыгъуэжауэ, илъэс 20-м щIигъуауэ Іуащхьэмахуэ кьалэм дэт школ №6-м адыгэбзэмрэ литературэмкIэ щегъаджэ.

А ЗЭМАНЫМ кьриубыдэу Жэмыхъуэр зыпэрыт ІэнатIэр игугъэрыкIуэ. Раисэрэ иригъаджэхэмрэ жьыджэру хэтщ школым, кьалэм, куейм, республикэм щекIуэкI жылагъуэ Іуэхугъуэхэм, зэхьэзэхуэхэм, гъэльэгъуэныгъэхэм. «Си бзэ - си псэ, си дунейр» республикIэ зэпеуэм и утыку зэфIэкI льагэ мызэ-мытIэу щигъэлъэгъуащ егъэджакIуэ гумызагъэм. «Егъэджэныгъэм щIэ ехьэулIэныгъэхэм, щIэблэр гъэсэным хуищI хэлъхьэныгъэшхуэм папщIэ» ынэтIныгъэмкIэ Раисэ пашэ хьуауэ щытащ.

